*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 146 (25632)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 13 август — майрæмы мæйы 13 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ХÆРЗАУДЫНАД *Æххуыс — Донбассæн*

3 ЛИТЕРАТУРÆ *Уырымты Петры райгуырдыл сæххæст 90 азы*

4 НОГ ЧИНЫГ *Бырнацты Бароны сфæлдыстад*

Хъуыддаджы ныхас

# Стыр æргом — национ проекттæм

**Уæрæсейы Президенты Æххæстбарджын Минæвары хæдивæг Цæгат Кавказы федералон зылды Максим ВЛАДИМИРОВ æмæ РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис кæй амыдтой, уыцы æмбырды равзæрстой, Цæгат Ирыстоны национ проекттæ куыд æххæстгонд цæуынц, уый.**

Республикæйы æххæстгæнæг хицауады уæнгтæ радзырдтой, ацы азы фыццаг æмбисы национ проекттæ царды куыд уанат "Æнæниздзинад хъахъхъæнынад", "Туризм æмæ уазæгуарзон индустри", "Æдас хъæрзхъæд фæндæгтæ"-йы проекттæ цары æххуысгæнæг Цæгат Кавказы федералон зылды **Сергей Никитин** куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй республикæйы национ проектты иумæйаг бæрц азы фыццаг æмбисы рауад 79,4 проценты. Объекттыл куыст куыд цæуы, уый бæрæг дары, фæлæ уæддæр азы кæронмæ рæвдздæр æвналын бахъæудзæн.



дзынц, финансон фæрæзтæй куыд пайда кæнынц, нысантæ куыд æнтысынц, уый тыххæй. Максим Владимиров куыд бафиппайдта, афтæмæй Цæгат Ирыстон национ проектты кассæйы мадзæлттæ дзæбæх æххæст кæны — 52 проценты бæрц. "Уый та Уæрæсейы рæстæмбис бæрæггæнæнтæй фылдæр у. Фæлæ уæддæр национ проектты хицæн бæрæггæнæнтæ æмæ сæ регионалон бæрц фаг нæу. Хъуамæ фæрæвдздæр кæны рауадзын", — загъта Æххæстбарджын Минæвары хæдивæг.

Дзанайты Барис куыд радзырдта, афтæмæй республикæйы Хицауадæн национ проекттæ сты æхсæнады ахсджиагдæр фарстатæ алыг, адæмы царды уавæртæ фæхуыздæр кæныны фæрæз. "Æппæт нысантæ æххæстгонд æрцæудзысты, нæ тыхтæ уымæ сарæзтам", — фæбæрæг кодта Дзанайы-фырт.

Уæрæсейы Президенты Æххæстбарджын Минæва-

Фæллой æмæ социалон рæзты министр **Айдарты Алинæ** куыд радзырдта, афтæмæй фыццаг сывæллон цы бинонты фæзынд, уыдонæн национ проекттæ "Демографи" æмæ "Сывæллоны фæзынды фæстæ финансон æххуыс"-мæ гæсгæ фидынц æхца. Сты 6,5 мин бинонтæ. Нырма уал процент у 53,7, фæлæ азы кæронмæ 100 процентмæ схæццæ уыдзæн.

**(Кæрон 2 фарсыл)**

Удварн

## Мастер-класстæ равдисдзысты

**Цæгат Ирыстонæн ахсджиаг цауы — Аланыстоныл Саргъуыды 1100 азы бæрæгбоны кадæн Адæмон аивадон промыслæтæ республикон центры зæрды ис мастер-класстæ æмæ æрмдæсныты тематикон куыстытæ равдисын.**

Ацы хабар фехъусын кодта центры генералон директор **Хекъилаты Татьянæ.**

— Мастер-класстæ уыдзысты згъæрæй æмæ хъæдæрмæгæй дзаумæттæ аразыны, нымæтуæрдыны, стæй национ кæлмæрзæн хуыйыны темæтыл. Уымæй уæлдай, Аланыстоныл Саргъуыды темæйыл центры арæзт дзаумæттæ дæр равдисдзыстæм. Не 'вæджиауы республикæйы кæй аразынц, арæх уыцы дзыллон мадзæлтты зæрдиагæй фæархайæм, — загъта хицауиуæггæнæг сылгоймаг.

Фыццаг алантæ чырыстон дин райстой II æнусы, фæлæ дзыллон Саргъуыд æххæстгонд æрцыд 1100 азы размæ. 2017 азы Уæрæсейы Президент Владимир Путин йæ къух æрæвæрдта 2022 азы Аланыстоныл Саргъуыды 1100 аз сбæрæг кæныны тыххæй указы. Бæрæгбонмæ цæттæ кæныны æмæ йæ саразыны фæдыл дзыллон мадзæлтты пълан сфидар кодтой.

**Нæ уацхæссæг**

Алагиры районæй

## Æмгъуыдæй раздæр

**Алагирмæ 'ввахс Хуссар Ирыстонмæ цæуæг паддзахадон фæндагыл цæугæдон Тæмисчъы сæрты хид байгом кодтой пълангонд æмгъуыдæй мæй раздæр.**

Цæгат Кавказы Автомобилон фæндæгты управлени куыд фехъусын кодта, афтæмæй фарон октябры хид аразыны куыстытæ æххæст кæнын куы райдыдтой, уæдæй нырмæ йын йæ могорты кусынхъомдзинад сæндидзын кодтой, стæй фæндагыл æндзæвæг æфсæн-бетон къæйтæ ногтæй баивтой. Уымæй уæлдай, хиды конструкцитæ цæмæй фидардæр уой, уый тыххæй тасæн хуыдтæ монтажгонд æрцыдысты, стæй цалдæр хайæ асфальт-бетон уæлцъар сæвæрдтой.

Автотранспорты бацæуæнтимæ хиды дæргъ у 70 метры, йæ уæрх та — 25 метры (уыимæ — транспорты цыдæн хиды хайы уæрх — 21 метры). Могорон систæ хид донæй хъахъхъæнынц. Куыстытæ æххæст кæныны рæстæг 22 метры дæргъæн ноджыдæр ма дыууæ могорон сисы ногæй арæзт æрцыдысты.

Объекты инженерон ифтонггæрзтæ: згъæр æмбондтæ æмæ фæндагон нысантæ ногтæй баивтой.

**Нæ уацхæссæг**

# 14 августы — Аразæджы бон




**Арæзтадон къабазы кадджын кусджытæ æмæ ветерантæ!**

*Зæрдæбын арфæ уын кæнын уæ профессион бæрæгбоны тыххæй!*

*Инженертæ, проекттæ аразджытæ, монтажгæнджытæ, сисамайджытæ, къулсæрдджытæ, прорабтæ æмæ кусджытæ — ацы бон бæрæг кæнынц арæзтадмæ бар дарæг æппæт минæвæрттæ. Сымах æххæст кæнут ахсджиаг æмæ бæрнон хъуыддаг: микрорайонтæ аразут, историон центртæ реконструкци кæнут, ног технологитæм арæхсут, ног хæдзæрттæ æмæ архитектурон ансамблтæ фæзынынц.*

*Зындгонд советон фыссæг Максим Горький куыд загъта, афтæмæй нæ дуне ныхасæй арæзт нæу, фæлæ хъуыддагæй, фæллойæ. Уæ фыдæбон уымæн æвдисæн. Мах цæрæм, ахуыр кæнæм, нæ фæллад уадзæм сымах арæзт бæстыхæйтты. Хъуыддаджы уæ зæрдæтæ бавæрут, уæ размæ кусæг адæмы фæлтæрддзинадæй пайда кæнут, сæ традицитæ сын нæ халут. Нæ сæйраг горæтæн йæ бакаст у аив, æнæбафæзмгæ, поэттæ æмæ йыл нывгæнджытæ дис кæнгæйæ зарынц. Нæ бæстæйы алы кæрæттæй йæм туристтæ цæуынц.*

*Аразджытæн мæ зæрдæ зæгъы фидар æнæниздзинад, фарн, æнтыстытæ, профессион архайды хорздзинæдтæ. Уæ къухвæллойыл бирæ рæстæг куыд цин кæнæм, ахæм амонд нæ уæд!*

**Алексей МАЧНЕВ,**
**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Сæрдар**

# Арæхстджын къухты фæрцы

**Райсом нæ республикæйы аразджытæ бæрæг кæнынц сæ профессион бæрæгбон. Æппæт дæсныйæдты 'хсæн аразæджы фæнымайынц, фидæны рухс цард нывæндынмæ чи арæхсы, ахæм адæймагыл. Йæ арæхстдзинадæй, зонд æмæ фæлтæрддзинадæй рæзынц стыр горæттæ æмæ чысыл хъæуты æппæт цардыуаджы объекттæ. Кæцыфæнды рæстæджы дæр не 'хсæнады аразæджы дæсныйад кадджын уыд. Сæ архайд дæр бæлвырд у. Афтæмæй, уæ арæхстджын къухты фæрцы цард кæны фадатджын æмæ хæрзæххæст, адæм та — амонджын.**



Арæзтадон куыстуат “Вектор”-ы къулсæрдджытæ СÆБАНТЫ Алан, УАЛЫТЫ Алан æмæ ТЕДЕТЫ Игор кусынц Дзæуджыхъæуы 22-æм скъолайы цалцæгыл

нынц ацы азы сентябрмæ.

Зындгонд куыд у, афтæмæй æххæстгонд цæуы, райдайæн программæйы фæткы цы домæн фыст æрцыд, уый. Ома, фатерты аргъ, базарады аргъæй 20 проценты асламдæр хъуамæ уа. Куыдфæндыйæ дæр, æргътæ ивгæ кæндзысты, регионы цæрæнуæтты аргъ куыд ива, уымæ гæсгæ. Фæлæ уæддæр уыдзæн уыцы аргъæй 20 проценты асламдæр.

Ацы бонты РЦИ-Аланийы Арæзтад æмæ архитектурæйы министрады цæуы адæмимæ фембæлдтытæ. Уæ зæрдыл уын æрлæууын кæндзыстæм, арæзтады фыццаг хайы архайæг 234 адæймаджы сæ фатертæ кæй фендзысты ацы азы кæрон.

## Ног хæдзæрттæ

Ног цæрæн хæдзæртты арæзтад Цæгат Ирыстоны 2022 азы æхсæз мæймæ фæфылдæр ис. Ивгъуыд азы ацы афонимæ абаргæйæ, уый у 18 проценты фылдæр.

Афæдзы æрдæгмæ цæрæн хæдзæрттæ республикæйы арæзт æрцыд 185 мин квадратон метры. 2021 азимæ абаргæйæ, ацы бæрæггæнæн у 118 проценты. Уыимæ, хи хæдзæртты фæзуат у 118 мин квадратон метры, бирæуæладзыгон хæдзæртты фатертæ та — 68 мин квадратон метры.

## Хицæн къордты адæймæгтæн

РЦИ-Аланийы Хицауады уынаффæйæ "Цæгат Ирыстоны паддзахадон программæ" 2016-2024 азты Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы граждæнты æнцонвадат цæрæуæттæй сифтонг кæнын"-ы бындурыл ацы аз паддзахадон æххуыс райстой Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветерантæ æмæ ветерантæй чи нал ис, уыдоны бинонтæ æхсæзæй федералон бюджетæй райстой æххуыс. Хæстæгдæр рæстæг ма хæсты архайджыты дыууæ бинойнаджы райсдзысты ахæм æххуыс.

Куыд æрвылаз, афтæ



Электрик ÆГЪУЫЗАРТЫ Тамерлан

ныр дæр паддзахадон æххуыс уыдзæн инвалидтæн æмæ инвалид-сывæллæттæ кæмæ ис, уыцы бинонтæн — æдæппæтæй 14 сертификаты.

Дыууæ æвдисæндары райсдзысты хæстон цауты ветерантæ.

Æнæбары сæ цæрæн бынæттæ чи ныууагъта æмæ лигъдоныл нымад чи æрцыд, ахæм 15 адæймагæн дæр ратдзысты сертификаттæ.

РЦИ-Аланийы бюджетæй фæрæзтæ радих кæндзысты тарнизы хæцгæ хуызтæй рынчынтæн дæр. Ныртæккæ рады лæууы 5 адæймаджы.

Ног цæрæнуæтты æвдисæндартæ райстой 139 æрыгон бинонтæ. Субсиди у фатеры аргъæн йæ 35 проценты.

Чернобылы атомон электростанцæйы срæмыгъды рæстæг йæ æнæниздзинад хыгъдард кæмæн баййæфта, ахæм æртæ адæймаджы дæр федералон бюджеты хардзæй райстой сертификаттæ.

Иу цæрæн сертификат лæвæрд æрцыд Кæройнаг Сыбырæй рацæуæг бинонтæн.

Республикæйы бюджеты хардзæй 40 æрыгон специалисты, сæ цæрæн уавæртæ фæхуыздæр кæнынæн, райстой фæйнæ иу милуан сомы æххуысæн æвдисæндартæ.

## "Уæрæсейы бинонтæн цæрæнуат"

РЦИ-Аланийы Арæзтад æмæ архитектурæйы министрад æмæ Æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад "ЖСК" иумæйагæй райдыдтой ацы программæйы дыккаг хай царды рауадзыны мадзæлттæ.

Программæйы архайынмæ куырдиат чи балæвæрдта, уыдонæн арæзтадон компани ратдзæн 110 фатеры, — иу, дыууæ æмæ æртæуатонтæ.

Программæйы фæлгæты ног хæдзæртты арæзтады райдайæн æмгъуыд кæ-

## Скъола — æдасдзинады интеллектуалон системæимæ

Нæ республикæйы фæзынд, æмбал кæмæн нæй æдасдзинады фарстатæ, ахæм ног скъола. Зонджын нырыккон системæ фадат дætты рохуат дзаумæттæ бæлвырд кæнынæн, скъолайы кæртмæ цæмæй ма бацæуой æцæгæлон æмæ æнæзонгæ адæм. Куыд фæстæдæр ацы системæ райрæздзæн, йæ гæнæнтæ фæуæрæхдæр уыдзысты, пайдаджын уыдзæн ахуырадон процессты.

Ахæм цæстдарды æмæ разамынды системæ ногдзинад у Ирыстоны скъолатæн. Турникет, бахъуаджы рæстæг, суанг буары тæвд дæр сбардзысты, ахæм биометрион терминалтæ.

Скъолайæн йæ æддаг бакаст у тынг зæрдæмæдзæугæ, аив сты йæ агъуыстытæ иууылдæр. Уыимæ ма йæ схонæн ис "зонджын" скъола. Æдасдзинады фарста дзы у фыццаградон. Хъахъхъæнджыты уаты ис системæйы разамынды центр.

— Нырыккон скъолайы сæйрагдæр домæнтæ дзы æххæстгонд сты. Алы камерæ дæр дзуапп дæтты хицæн фарстайæн. Сæ иу æвдисы цæсгæмттæ, бастдзинад ис сæрмагонд службæтимæ, — зæгъы системæ сæвæрæг компанийы кусæг **Цъæхилты Сослан**.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

**Къамтæ систа ХЪÆЙЫРТЫ Дианæ**

Æнæниздзинад хъахъхъæнынад

# Афтектæ уыдзæн алы хъæу, алы цæрæн бынаты дæр

Нæ республикæйы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрад дарддæр æххæст кæны Цæгат Ирыстоны дæрддзæф районты фелсырон-акушерон пунктты æмæ амбулаторитæ афтектæ гом кæныны хъуыддаг.

Куыст райдыдта ацы аз уалдзæджы. Абоны бонмæ афтектæ байгом сты 18 хъæуы æмæ поселочы. Ацы ран бынæттон цæрджытæн сæ бон балхæнын у, адæймаджы æвæстиатæй чи бахъæуы, уыцы хостæ. Министрад пълан кæны афтекты бæрц фæфылдæр кæнын æмæ сын сæ нымæц 31-мæ схæццæ кæнын.

Хъуыддаг у ахсджиаг, уымæн æмæ дæрддзæф рæтты фылдæр цæрынц карджын адæм, æмæ æндæр ранмæ хуымæтæг хостæм цæуын сæ кæй нал хъæудзæн, уый сын цас æнцон хъуыддаг уыдзæн! Уымæ гæсгæ Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрад йæхицæн хæсыл нымайы алы фелсырон-акушерон пункты, алы амбулаторийы дæр хостæ уæйгæнæн пункт саразын. Уыцы пункттæ гом кæнынæн министрадмæ ис сæрмагонд график, æмæ уымæ гæсгæ архайы. Сæ пъланмæ гæсгæ хъуамæ аххæссой республикæйы æппæт районтыл дæр.



**Нæ уацхæссæг**

Боныхъæд

**Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **13 августы,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **29-34 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **30-32 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 14,00

**Хурыскаст** — 05,06
**Хурныгуылд** — 19,06

Валютæйы аргъ

**Доллар** — 60,44
**Евро** — 62,17

12+

Номарæн

# “Мæнæн мæ фæндыр адæймагыл зардзæн”

## Фыссæг Уырымты Петры (Петка) райгуырдыл сæххæст 90 азы

**Поэт, тæлмацгæнæг, драматург, публицист Уырымты Петка райгуырд Алагиры. Æвзонгæй фæбæрæг суинаг фыссæджы курдиат, æмæ, 1951 азы Алагиры 2-æм астæуккаг скъола каст куы фæци, уæд ахуырæн равзæрста Цæгат Ирыстоны Педагогон институты историон-филологон факультет. Каст æй фæци сырх дипломимæ, æртæ азы иста Сталины стипенди.**

Йæ фæллойадон фæндаг райдыдта республикон фæсивæдон газет "Æрыгон коммунист"-ы литературон кусæгæй. Йæ арæхстдзинад æмæ бирæвæрсыг зонындзинæдтæй ифтонг кæй уыд, уый газетыл хорзæрдæм фæзынд. Журналистикæ æмæ литературон сфæлдыстад систы йæ царды сæйраг хъуыддаг. Сфæлдыстады хызт иу къæпхæнæй иннæмæ. "Æрыгон коммунист"-ы фæстæ Уырымы-фырт куыста газет "Рæстдзинад"-ы культурæйы æмæ советон арæзтады хайæдты сæргълæууæгæй, "Æрыгон коммунист"-ы редакторæй, Цæгат Ирыстоны телеуынынады сæйраг редакторæй, уыд нæ республикæйы Журналистты цæдисы бæрнон нымæрдар.

Уырымты Петка уыдис нæ Ирыстоны хуыздæр журналисттæй иу, бирæ йын бантыст литературæйы дæр. Йæ поэтикон уацмыстæ, йæ зарджытæ тынг цыдысты адæмы зæрдæмæ. Уымæн æмæ йын гуырыдысты царды æцæгдзинадæй, æвдыста сæ царды зыгъуыммæдзинæдтæ, ныхмæвæрдтæ, адæмы сагъæстæ, иунæг уды хъуырдухæнтæ. Петкайы фыццаг æмдзæвгæтæ мыхуыргонд æрцыдысты Алагиры районы газет "Раздзог"-ы 1949 азы. Уый фæстæ сæ мыхуыр кодта журнал "Мах дуг"-ы æмæ æрыгон авторты коллективон æмбырдгæндты. Йæ фыццаг чиныг "Сабиты цин" рацыд 1958 азы. Уым рабæрæг, поэты зæрдæ тынгдæр здæхт кæй у сывæллæтты сыгъдæг, æнæхин миддунемæ. Йæ уацмысты æвзонг архайджытæ хъуыды кæнынц алы фарстатыл, сывæллоны зондæй аргъ кæнынц царды алыхуызон фæзындтытæн.

Ацы чиныджы фæстæ мыхуыры рацыдысты ног æмдзæвгæты æмбырдгæндтæ: "Хæмæт фæсырдта зивæджы", "Уый дын диссаг", "Мæ хуымгæнды хай", "Гæды мæ фæнадта", "Хур æмæ сабитæ", "Цъæхдзаст райсомтæ", "Цæргæс æмæ халон", "Зынвæд", "Амынæт", "Дамгъæты хъазт".



Уырымты Петка сывæллæттæн фыста прозаикон уацмыстæ дæр, рацыд ын радзырдты чиныг "Темыры был куыд фæзылын". Фыссæгæн цалдæр чиныджы рацыд уырыссаг æмæ æндæр адæмты æвзæгтыл: 1966 азы Мæскуыйы рауагъдад "Детская литература"-йы "В поисках радуги", "Солнце на леднике", Болгарийы — "Окрыленное поколение", Украинæйы — "Из под черного неба", "Книга нашей весны".

Йе 'мдзæвгæтæ йын мыхуыры рауагътой Белоруссийы, Гуырдзыстоны, Украинæйы — иумæйаг æмбырдгæндты.

Фыссæджы уацмыстæ уырыссаг æвзагмæ тæлмацгондæй цыдысты "Литературная газета"-йы æмæ газет "Сельская жизнь"-ы, журналтæ "Работница" æмæ "Колобок"-ы. Петка йæ курдиат æмæ арæхстдзинад равдыста аивадон тæлмацты дæр, дунеон литературæйы æмæ Советон Цæдисы фысджыты æмæ поэтты уацмыстæй йæ зæрдæмæ тынгдæр кæй айста, уыдон ивта ирон æвзагмæ, зæлланггæнаг ирон ныхасы-иу бавæрдта дардбæстаг поэтты рæнхъыты азæлд.

Поэт сфæлдыстадон балцы уыд Польшæйы, Чехословакийы, Австрийы, æмæ Ирыстонмæ сыздæхт æмдзæвгæты циклтимæ.

Уырымы-фырты курдиат бирæвæрсыг кæй уыд, уымæн ма ноджы иу æвдисæн йæ драмон уацмыстæ, ныффыста цалдæр пьесæйы. Уыдонæй "Сарты фырт" æвæрд æрцыд Цæгат Ирыстоны драмон театры, "Мæндзы æмæ Сырхуадул" та — нæ республикæйы куклаты театр "Саби"-йы. Уымæй уæлдай, фыста рецензитæ, критикон уацтæ ирон поэтты чингуыты тыххæй æмæ никуы сивта йæ зæрдæ царды рæстадыл, фыссæджы хæс æмæ нывгæнæджы граждайнаг нысаниуæгыл.

Петка йæ уацмысты дзырдта царды ахсджиаг фарстатыл. Йæ æмдзæвгæтæй цалдæры бындурыл фыст æрцыд зарджытæ. Уыдон сты: "Денджызы нау", "Терчы зарæг", "Дзыппи", "Аразджытæн", "Мад" æмæ æндæртæ. Арæх хъуыстысты Ирыстоны радио æмæ телеуынынадæй, зарыдысты сæ адæмон уарзон артисттæ Хъуылаты Елхъан, Билаонты Долорес, Аскер Махмудов, Мыкагъаты Петр, Цæллагты Эмилия æмæ æндæртæ.

Поэтæн хæлар ахастдзинæдтæ уыд республикæйы композитортимæ. Цорионты Резванимæ ныффыста оперæ-ораторι "Зæхх сиды". Æвдыст цыдис музыкалон театры сценæйы.

## Уырымты Петры тыххæй дзурынц




***Уырымты Петры æмдзæвгæтæ кæсгæйæ, мæ зæрдæ барад йæ ног национ, хæххон поэтикон метафорæтæй. Æхсызгон мын у, Уырымы-фырт æдзух йæхи сфæлдыстадон фæндаг кæй агуры, уый.***

*Е. ВИНОКУРОВ,*
*зындгонд поэт*

*Салам, зынаргъ Петр! Стыр зæрдиагæй бавнæлдтам дæ чиныг "В поисках радуги" тæлмац кæнынмæ. Бузныг, сабитæн ахæм хъæлдзæг æмæ рæсугъд уацмыстæ кæй фыссыс, уый тыххæй.*

***И. СНЕГОВА, Е. НИКОЛАЕВСКАЯ,***
***тæлмацгæнджытæ***

***Зынаргъ Петр! Хъусын дын кæнын æхсызгон хабар: рецензенттæ стыр аргъ скодтой дæ поэтикон уацмыстæн. Рауагъдад цæттæ кæнын райдыдта дæ ног чиныг "Солнце на леднике". Тæлмац æй кæны Еленæ Николаевская. Хорз уаид, разныхас ма йын дæхæдæг куы ныффыссис, уæд.***

*Т. ТУМУРОВА,*
*дæ чиныджы редактор*

*Максим Богдановичы уырыссаг æвзагмæ кæй раивтай, уый мæнæн уыд стыр æхсызгон. Нæ газет "Литература и мастацва"-йы бæлвырд ныффыстон уый тыххæй. Æрвитын дын Максим Танкы "Аве Мариа". Фæстаг рæстæг белоруссаг поэзийы уымæй хуыздæр, мæнмæ гæсгæ, ницыма фæзынд. Хорз уаид, ирон æвзагмæ йæ куы ратæлмац кæнис, уæд.*

***В. РОГОИША,***
***филологон наукæты кандидат***

***Мæскуыйы хъуыстон, фæсарæнтæм кæй лæвæрдтой, ахæм концерт. Æваст мæ хъустыл куы ауадысты дæ зарæджы ныхæстæ "Денджызы науау...", уæд мæ зæрдæ ныссæххæтт ласта, тынг бацин кодтон. Мæхицæй раппæлыдтæн, ме 'мбæлттæн, зæгъын, Петры æз хорз зонын. Заргæ та йæ кодта Аскер Махмудов.***

*Ю. КРАСИКОВ,*
*филологон наукæты доктор*

*Де сфæлдыстадмæ мæ цæст рагæй дарын, зынаргъ Петр. Мæ зæрдæмæ фæцыдысты, сывæллæттæн цы радзырдтæ ныффыстай, уыдон. Украинаг æвзагмæ сæ цæттæ кæнын (4 мыхуырон сыфы).*

***А. ПЕТЬКИН, Киев***

***Гамзат Цадасайы номыл авайраг паддзахадон музыкалон-драмон театр дæ стыр зæрдиагæй куры: фæтагъддæр кæн дæ пьесæ "Æз дæ куы уарзтон"-ы тæлмац. Хъуамæ йæ бахæссæм 1987 азы репертуармæ.***

*Н. АБДУРАХМАНОВА,*
*театры литературон хайады сæргълæууæг*

**УЫРЫМТЫ Петр**

### Зæронд фæндаг

***Хуыссыс æнцад... Цыма мæрдфынæй бадæ.***
***Фæлурс фæсалæй бамбæхстай тæрттæ.***
***Цыма сæ разæй барджытæн нæ уадтæ,***
***Цыма дыл никуы цыдысты уæрдæттæ;***

***Цыма нæ хуыдтай адæмы дæ фæстæ***
***Цыма Акимы зарæгмæ нæ хъуыстай,***
***Цыма æдзух фæсалы бын æмбæхстæ***
***Цыма лæгæн хæрзгæнæгæй нæ куыстай;***

***Цыма нæ сыгъдтæ карз бонты цæхæрты,***
***Цыма дæ сæрмæ тохы мигъ нæ бадти.***
***Хуыссыс æнцад... Ныр разагъды кæстæртæн***
***Сæ лæгъз фæндаг дæ иувæрсты æруади.***

### Куыдзæмгад

Дзæгъæлдзу куыдз кæрты. Куыд нæ уа бынатон!
Фæкъахыр мын кодта йæхицæн мæ бандон.
Кæцæйдæр æрхаста йæ лæппынты абон,
Фæцæуы, фæзыны кæддæрты, æнафон.

Бынтондæр фæхъал и: хæдзары — рæбинаг.
Куы мæ федта а изæр — уыд мыл рæинаг.
Мæхи йыл ысцагътон, ысдзырдтон хъæбæрæй,
Цæуыл, зæгъын, кæныс,
мæ лымæн, дзæгъæл рæйд.

Йæ хъуыр-хъуыр ыссыди, цыма мæм хæцыди:
"Мæнæй уæлдай абон дæуæн дæр цæй цыт и?"

### Амынæт

**Цæй, цы зæгъон!**
**Куыд балхæнон абон дæ зæрдæ!**
**Зонын, райыс дæ амонд, дæ кадæй.**
**Фæлæ хатгай æндæр ад фæкæны сæкæр дæр:**
**Лæг куы сфæлмæцы бухъхъытæ цардæй.**

**О, уæд адæймаг, доны æрра цъилау, стыхсы,**
**Дадзинты судзаггаг хъынцъым фæхæры.**
**Фыны дæр атæхы быдырты, хæхты хъæбысы.**
**Цæстытæй фесгары арвы цæхæры.**

**Уæд æгъуыссæгæй демæ**
**фæраст вæййын балцы.**
**Мемæ айсын æвзист тæгтæй аив быд сахсæн.**
**Уадз, дæ сæнттæ — зæрин систæ —**
**апырх уой уалдзæг.**
**Æз æхсæвты æмдзæвгæтæн уыдон фæахсын.**

**О, мæ амынæт — де схъæрзт,**
**дæ цинæй уæфт зарæг**
**Æз дæ цурмæ æрхастон рæдауæй.**
**Кæд дзы фестай бæллицтæ**
**æххæстгæнæг барæг,**
**Уæд зæгъдзынæн: "Хъæбыл у! Рæвдау æй!"**

* * *

*Ехх, рæстæг, рæстæг! Диссаг та куыд нæ дæ!*
*Лæг цас цæрдзæн, уый базонæн куы уаид.*
*Уæд адæймаг æнæмгъуыдæй йæ фæндтæ*
*Æххæстдæрæй йæ царды мидæг уадзид.*

*Нæ зоныс, нæ, стæй иу уысм дæр нæ лæууыс,*
*Фæцæйтæхыс кæм лæгъзыты, кæм хæрдты.*
*Фылдæр хатт ма хæрз чысылтæ фæхъæуыс...*
*Кæм хъæздгуыты, кæм мамæлай æфхæрдты.*

*Æцæг, æгæр нытътъанг вæййыс æвзонгæй...*
*Дæ сæпп.. Цæй сæпп! Дæ цыдыл схæцы зивæг.*
*Дæу чи нымайы уыцы афон бонтæй?*
*Уæд чи вæййы дæ уысм-халтæ ыссивæг.*
*Фæлæ фæсхохмæ ку' азилы нæ хур дæр,*
*Бæздджын фæсал цъæх быдырты куы сивы,*
*Бæргæ ма уæд фæуидзæм мах дæ муртæ,*
*Уæдмæ ныл ды дæ дæрзæг зæрдæ сивыс.*

* * *

**Мигътæ хъæддаг бæхтау фезгъорынц арвыл,**
**Цæфхæдты цæхæртæ фесхъиуынц зæхмæ.**
**Хæхтæ сæ барджытау ахсынц дзыларæй,**
**Зæхмæ æркæлынц сæ хиды æртæхтæ.**

**Сау дымгæ сыстад сæ хуыррыттæй, здухгæ,**
**Мигътæ ысхъомпал сты хæхты дæндæгтыл.**
**Уарзын æз хъусын сæ гæр-гæрæг худтмæ,**
**Уарзын æз уыдонау гакъон фæндæгтæ.**

**Искæд мыл саубон куы акæны, мигътæ**
**Уайтагъд мæ цæстытыл ауайынц ирдæй.**
**Зæрдæ кæд риуы фæкæны кæрдихтæ, —**
**Бамбæхсын барæй мæ судзгæ рис Ирæй.**

### Мады фæндаг

*Ехх, фæндæгтæ а дунейы цас и:*
*Хохæгтæ, быдирæгтæ, æфсæнтæ...*
*Гъæй-джиди, Æрфæныфæдыл бахсид, —*
*Стъалытæм нæ ахæссынц нæ сæнттæ.*

*Зæххы рæттау — мин-мины тæлмытæ...*
*Иутæ — 'мраст, сты иннæтæ къæдз-мæдзтæ,*
*Мах кæдæмты н' асайынц, кæмытæм,*
*Агурæм сыл амонды æрмæдзтæ.*

*Цасфæнды сæ хуыздæры ысгарæм, —*
*Иу дæр дзы нæ разыны нæ фæндиаг, —*
*Мады фæдзæхст къахвæндаг куы ссарæм, —*
*Хуры тынау рухс вæййы нæ фæндаг.*

**Æрмæджытæ бацæттæ кодта АБАЙТЫ Эдуард**

Адæмон сфæлдыстадæй

### Хорзалм

*Иу хатт раджы кæддæр уызын хоргалммæ курæг æрбацыд, рæстæгмæ мæ дæ хæдзары цæрын бауадз, зæгъгæ. Хоргалм сразы. Уызын хæдзайраг сси æмæ уæдæй фæстæмæ хоргалмы лæппынтæ сæхицæн бынат нал ардтой — уызыны судзинтæ сæ хъыгдардтой æппынæдзух. Уæд хоргалм загъта уызынæн:*

*— Æз дæ ардæм æрбауагътон рæстæгмæ. Ныр дæ судзинтæй мæ лæппынты бон нал у æмæ дæ курын, ардыгæй куыд ацæуай.*

*Уызын загъта:*

*— Кæд искæмæй исты риссы, уæд ацæуæд, мæнæн ам дæр æвзæр нæу.*

Заманхъул худынц

### Куыдзæй загътон

*Чæтко райсомæй Фатъийы дуармæ æрлæууыд æмæ зæронд усимæ ныхæстыл схæцыд. Ныр куыдз сæ разы æмæ та лæгыл срæйы...*

*— Ацу мидæмæ! — дзуры зæронд ус йæ куыдзмæ.*

*— Бæгуы ацæудзынæн... Кæд дæм иу арахъхъ дæр разынид, — загъта Чæтко æмæ мидæмæ атындзыдта...*

*— Фæлæуу, мæнæ куыдзæй загътон! — дзуры ма йæ фæстæ Фатъи. Фæлæ уæдмæ Чæтко тыргъæй фæмидæг.*

### Судзины фындзæй

***— Нана! Уæ нана! Судзин æмæ æндахимæ та куыд у дæ чындз? Исты арæхсы?***

***— Хæрз æмбисонд судзинимæ у!.. Мæ цæстытæм мын æй æрбахæссы, афтæ, дам, дын дзы дæ гагуытæ азмæнтдзынæн...***

### Къуымбилы куыст

*— Нана! Уæ нана! Къуымбилы куыстмæ та куыд у дæ чындз?*

*— Æлвисынмæ куыд у, уый нæ зонын... Фæлæ пирынмæ? Дæ балгъитæг дæр афтæ! Куы 'рбамæсты вæййы, уæд фæкæны — афтæ, дам, дæ апирдзынæн!..*

### Рухс

***Макъарæн иу изæр йæ фыд æрбарынчын:***

***— Ахсæв мæм Удхæссæг зындзæни... Фæлæ мæ талынджы кæд не ссарид!.. — æмæ цырагъ æрхуыссын кодта.***

***— Хъус-ма, баба! Æмæ Удхæссæг дæу æнхъæлæй мæнмæ куы 'рбарæдийа, уæд та? — загъта Макъар æмæ фæстæмæ рухс ссыгъта...***

***ХЪАУЫРАТЫ***
***Дауыр***

Ис ахæм хъуыды

### Хох Машук афтæ цæмæн хуыйны?

**Дзæнæты бадинаг Тылаттаты Аннæ уыд ирон æвзаджы дæсны, филологон наукæты кандидат, ирон æвзаджы хуыздæр фидæнæн йæ цард иууылдæр чи снывонд кодта, ахæм ирон сылгоймаг. Амыдта йæ скъоладзаутæн, студенттæн, ирон æвзаджы ахуыргæнджытæн. Æмбырд кодта, ирон æвзаджы дзырдуæттæм хаст цы дзырдтæ не 'рцыдысты, уыдон, фидар дзырдбæстытæ, ирон арфæйы, сомыйы ныхæстæ æмæ æндæртæ. Уый-иу фидарæй афтæ дзырдта: "Æппæты хуыздæр чиныг у дзырдуат. Æз дзырдуæттæ кæсынæй не 'фсæдын".**

Ирон æвзаджы дзырдуæттæ кæсынæй не 'фсæст, уымæн æмæ йæ ирон дзырдты арæзт, сæ хъомыс, сæ фæлгонц, мидис дисы æфтыдтой. Уыцы зæрдæйы уаг, зондахаст мæнмæ дæр арæх фæзыны æмæ мæ ирон æвзаджы дзырдтæ сæхимæ биноныг æркæсын кæнынц: сæ равзæрд, сæ нысаны, алы хуызтæ æмæ фæзилæнтæ. Гъе ныр, зæгъæм, райсæм хуымæтæг ирон дзырд уæрдон. Уырыссагау у арба — тæтæйраг æвзагæй æрбайсгæ дзырд. Уæрдон та у сыгъдæг ирон дзырд.

Нæ фыдæлтæ фысвосдарæг уыдысты, æмæ-иу уалдзæджы сæ фос зайын куы райдыдтой, уæд сын сæ ногзад уæрыччытæ æвæрдтой ацы дыдзæлхыджы, цалынмæ хизæнæй скъæтмæ хæццæ кодтой, уæдмæ. Ис ма нæм ахæм дзырд дæр — уæргъуын. Ома, уæрыччы хъуын — фыццаг хатт фысæй цы хъуын сæлвынынц, уый.

Ахæм хуызы адæймаг æндæр æвзæгты бирæ дзырдтыл бафты хъуыдытыл. Зæгъæм, дзырд Машук, горæт Пятигорскы сæрмæ уæлвонг бæрзæнды ном. Уый ном райста, ам æрвылаз дæр Цæгат Кавказы адæмты сфæлдыстадон фæсивæдæн цы фембæлд æмæ куыстыты равдыст вæййы, уый "Машук". Ныр дæр ис йæ тынгыл. Æрæджы сæ бабæрæг кодта бæстæйы Президент Владимир Путин дæр. Хохы ном Машук цы амоны? Кæд ирон дзырд у, уæд та?

**Мæсыг — мæсуг ирон æмæ дыгурон дзырдтæ не сты! Ацы бынæтты Зеленчукæй райдай Дагестаны арæнтæм нæ фыдæлты Аланты паддзахад куы уыд, уæд сын кæд ацы уæлвонг ран фидар-мæсыг амад уыд, æмæ хох Машук уымæн хуыйны. Уый та сбæлвырд кæниккой археологтæ, археологон-иртасæн куыст дзы куы райтынг кæниккой, уæд.**

**ЦГЪОЙТЫ Хазби**



Хъæддаг цæрæгойтæ

### Дзæуджыхъæуы сырддоны...

**Лæвар интернетæй ифтонггонд чи у, Дзæуджыхъæуы уыцы сырддоны цæрæг леопард Лаурæ, дыууæ стайы æмæ страус сæ цæрæнуатон уавæртæ фæнывыл кодтой. Уымæй уæлдай, горæтаг сырддоны фæзынд аренæимæ ног бæхдон.**

Сырддоны сæргълæууæг **Белеккаты Аслан** бынæттон сырдтæй алкæцыйы "биографи", стæй сын сæ миниуджытæ бæлвырдæй зоны.

— Фыццаг бынаты цæрæг арс Михойы нын чысыл лæппынæй балæвар кодтой. Райдайæны арсы лæппын маймулитæм æвваxс цард æмæ сын сæ уагахаст фæлхатын райдыдта. Михо дæр арс кæй у, сырддоны рагæй цæрæг æрсытæ Михас, Мишустик æмæ Пушок ын уый бамбарын кодтой. Домбаимæ нын рагон хæлар ахастдзинæдтæ ис.



Домбайы кæй сдзæбæх кодтам, ацы сырд уый бахъуыды кодта æмæ ныр немæ хæларæй цæры. Райсомæй раджы æппæт сырддоныл домбайы зæрдæхæлар нæтын райхъуысы, — æхсызгонæй зæгъы Белеккайы-фырт.

Иу гектар ахсæг дзæуджыхъæуккаг зоопарчы фенæн ис алыхуызон континентты цæрæг сырдты минæвæрттæ. Тугдзыхтæ дзы халхортимæ сабырæй цæрынц. Сырддоны ис 40 цæрæгойы æмæ маргъы бæрц. Хатгай цæгатирыстойнæгтæ сырддонæн "удæгас лæвæрттæ" скæнынц. Цæрæгойты фылдæр хай сырддонæн лæваргонд у. Сырддоны цæрæгойты 'хсæн ис цирчы ветеран арс Тимохæ дæр. Сырддоны райгуырæг тугдзыхты фылдæр хай æрдзы уавæрты цæрын нæ бафæраздзæн.

Цæрæгойты æддаг бакаст се 'нæниздзинадыл дзурæг у. Зæгъæм, теуа холлагæй æфсæст кæй у, ууыл дзурæг сты йæ дзаг къуыппытæ. Рухсмæ æрттивæг маймулиты, æрсытæ æмæ домбайты царм дзурæг у ацы цæрæгойты нывыл уавæрыл.

Æрвылбон фосы дохтыр цæрæгойты уавæр рабæрæг кæны.

**Дзæуджыхъæуы администрацийы пресс-службæ**

Аивад

# Ærыгон театрдзаутæн



Цæгат Ирыстоны Евгений Вахтанговы номыл Уырыссаг академион театры зæрды ис ног театралон рæстæг æрыгон театрдзаутæн Александр Островскийы пьесæ "Снегурочка"-мæ гæсгæ æмном спектакл равдисын.

Ацы хабар фехъусын кодта театры аивадон разамонæг Владимир Уваров.

— Спектакл ныимад уыдзæн бæстон фольклорон равдыстыл. Не 'взонг театрдзаутæн цæттæ кæнæм аргъау "Щелкунчик", январæй — ома, ногазон бæрæгбæттæй фæстæмæ та нæ сæвæрын фæнды Александр Островскийы пьесæмæ гæсгæ спектакл "Снегурочка". Мидисджын пьесæмæ гæсгæ, бæстон, арфхъуыдыджын спектакл цæмæй равдисæм, уый мæ фæнды. Кусынмæ фæлтæрдджын адæймæгты хонæм, — загъта Владимир Уваров.

*Нæ уацхæссæг*

Сывæллæтты æнæниздзинад

# Сæрдыгон сарæх вæййынц цæфтæ

Дохтыртæ куыд бафиппайдтой, афтæмæй сæрдыгон адæм сæхи арæхдæр цæвынц, зæгъæм, сывæллæттæ — хъазгæ-хъазын, хистæртæ — цæхæрадоны кусгæйæ, улæфыны рæстæг æмæ афтæ дарддæр. Ахæм цæфтæ кæд лыстæг сты, уæддæр сæм инфекци бахауынæй у тæссаг. Уымæ гæсгæ æвзæры фарст — цæф инфекцийæ куыдæй ис бахъахъхъæнæн?



Сыгъдæг дон зиан нырма никуы никæмæн æрхаста æмæ, фыццаджыдæр, цæф хъæуы сыгъдæг донæй æрыхсын, афтæмæй йæ чъизитæй бахъахъхъæндзыстут, туг дæр фæуромдзæн, рыст дæр фæкъаддæр уыдзæн.

Уый фæстæ цæфыл хъæуы байсæрдын, инфекцийæ йæ чи бахъахъхъæндзæн, ахæм хос, медицинон æвзагыл — антисептик. Уыдонмæ хауынц, рагæй кæй зонæм, уыцы йод æмæ зеленкæ, фæлæ сæ дзæбæхгæнæн миниуджытæм гæсгæ дохтыртæ абон уыдон нымайынц, чи базæронд, ахæм хостыл. Ныртæккæ фæзынд бирæ ног хостæ, адонæй ахадгæдæр чи у, ахæмтæ. Зæгъæм, афтекты ис, цæф тагъддæр чи байгас кæны, ахæм дзæбæхгæнæн крем. Зеленкæ æмæ йодæй цæф дудын райдайы, уымæ гæсгæ сæ фæсæрдынц цæфæн йæ алфамбылæйттæ. Гыццыл сывæллон ахæм процедурæйæн тынг зынтæй фæразы. Кремæй та ис байсæрдæн цæф æнæхъæнæй дæр, æмæ дудгæ дæр нæ кæндзæн, стæй ма тагъддæр байгас уыдзæн.

Цæфтæ дзæбæхгæнæн крем у æнцондарæн, сæрмагонд уавæртæ нæ домы, æмæ дзы пайдагæнæн ис, куыд гыццыл сывæллæтты дзæбæх кæнгæйæ, афтæ хистæр кары адæймæгты дæр.

Уый фæстæ цæф хъæуы ныхгæнын, бактеритæй йæ чи хъахъхъæндзæн, ахæм пластырæй, цæф стыр куы уа, уæд та йæ бинтæй бабæттын. Цæфмæ базилын хъæуы суткæ иу хатт — ногæй йæ байсæрд дзæбæхгæнæн кремæй, стæй йыл ног бинт кæнæ пластыр бакæн.

Ацы хуымæтæг амынддзинæдтæ куы æххæст кæнат, уæд цæф тагъддæр адзæбæх уыдзæн æмæ ницы расайдзæн. Фæлæ, цæфæн йæ алфамбылай буары цъар куы ныссырх уа æмæ куы барæсийа, рыст æгæрæгæр куы кæна, цæф та хæф кæнын куы райдайа, уæд уæ, æнæмæнг, бахъæудзæн дохтыры æххуыс, æмæ хирургмæ батагъд кæнут.

**Медицинон профилактикæйы республикон центр**

Барадон фæтк

## Къæрныхæн — æфхæрд

Æбæрæг адæймаг мæ хæдзарæй, 51 мин сомы аргъ дыууæ телевизоры адавта, зæгъгæ, Дзæуджыхъæуы дыргъдон цæхæрадæтты æмбалад "Хæлардзинад"-ы цæрæг 72-аздзыд нæлгоймаг пъæлицæйы кусджытæн ахæм хабар фехъусын кодта.

Фыдбылызы бынатмæ, æвæстиатæй æрбацæугæйæ, барадхъахъхъæнджытæ саст рудзынг ауыдтой. Рудзынгыл разындысты къухты æнгуылдзты фæдтæ. Ацы фæдтæ бæрæггæнæнты номхыгъдмæ гæсгæ сбæлвырд кæнгæйæ, пъæлицæйы кусджытæ куыд рабæрæг кодтой, афтæмæй, амæй размæ цалдæр хатты тæрхонгонд



кæмæн уыд, къухты фæдтæ хауынц хъыгдардбаййафæг адæймаджы ахæм 42-аздзыд сыхаг нæлгоймагмæ.

Урæд адæймаг, йæ азымыл басæтгæйæ, загъта: "Фыдракæнд ноздджынæй сарæзтон". Къæрных давд телевизортæ бамбæхста кæркдоны хъæмпы бын.

Тæлæтгонд телевизортæ сæ хицауыл сæмбæлдысты. Уголовон кодексы 158 статьяйы 3 хаймæ ("Цæрæнуатæй, æнæзакъонæй йæм фæныхилгæйæ, дзаума адавын") гæсгæ, уголовон хъуыддаг кæуыл сарæзтой, уыцы урæд адæймагæн тæссаг у 6 азы дæргъы ахæстоны фæбадынæй.

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ**

Рацыд ног чиныг

# "Мæн а зæххыл цæргæсæй хъæуы цард"

**Æрæджы рухс федта поэт, фыссæг, публицист Бырнацты Бароны æвзæрст уацмысты æмбырдгонд "Хурбæлццон". Хъыгагæн, йæхæдæг цардæй ацыд йе 'цæг дунемæ.**

Ацы чиныджы бæстон æрцыдысты поэт, фыссæг, публицист, Бырнацты Бароны сфæлдыстадон бынтæ, йæ чингуытæ: "Бонивайæн", "Хуры уазæг". Журналты, газетты фæрстыл ын цы уацмыстæ рацыд мыхуыры, чингуытæм чи нæ бахаудта, стæй ма хæдзарон архивæй ист æрмæджытæ, разныхас поэты цард æмæ сфæлдыстадыл афæлгæстæн, æмдугонтæ йæм цы зæрдæ дарынц, йе сфæлдыстадæн цас аргъ кæнынц, уыдон æвдисæг цыбыр хъуыдытæ.





Йæ царды фыццаг лæгæй, йæ адæмæн бæззон адæймагæй æцæг поэтæй фæцæрын Бырнацты Баронæн уыд йæ бæллиц æмæ уый тыххæй зæгъы мæнæ афтæ:

**"Фæцæрын бирæ нæу мæнмæ нымад,**
**Куы нæ дæ уа дæ дзыллæты 'хсæн кад:**
**Мæн дуг батонын халонæй нæ фæнды,**
**Мæн а зæххыл цæргæсæй хъæуы цард".**

Æмæ, мæнмæ гæсгæ, Бырнацты Баронæн уый йæ къухы бафтыд. Æз æй зыдтон хорз адæймаг æмæ поэтæй.

Барон уыдис, царды бирæ фыдæвзарæнты чи бахауд, йæ армытъæпæнтæ куыстæй кæмæн суæзæг сты, йæ цæхх, йæ къæбæр искæимæ чи дих кодта, адæмы хорзæхæн чи сынвонд кодта йæ цард æмæ сæ хорзæхæй хайджын чи уыд, ахæм адæймагæй. Хорз адæймагæн та æнæ хорз фысгæ нæй, æрмæст ын Хуыцау курдиаты цæхæр куы балæвар кæна, уæд.

Чиныджы редактор, РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг, УФ-йы Журналистты цæдисы уæнг Дзугаты-Мурасты Риммæ мæнæ цы фыссы чиныджы разныхас "Æнкъардта поэзийы зæлдаг тынты уаз", зæгъгæ, уым: "Барон хæсты рæстæг цы дудгæ ристæ бавзæрста, цы гакъон-макъон фæндæгтыл фæцыд царды, уыдоныл сты йæ уацмысты темæтæ. Кæд хæрзчысыл уыд, уæддæр фехъуыста нæмгуыты къуыззитт, сармадзанты нæрд, фашисттæ Кировыхъæумæ куы æрбабырстой æмæ скъолайыл немыцаг хæдтæхæг бомбæтæ куы æрæппæрста æмæ акъоппыты стырæй, чысылæй куы æмбæхстысты, уыдон. Уый хæсты азарæй æрлæууыд сидзæрты æмрæнхъ, бавзæрста уæззау æмæ æххормаг царды уазал бонты уæз. Фæлæ нæ асаст йæ ныфс, йæ хъару. Арф фæд ныууагътой уыцы æбуалгъ хæстон нывтæ йæ зæрдæйы, æмæ дзы базадысты уæззау мысинæгтæй. Фæстæдæр куы рахъомыл, уæд йе 'рдзон курдиат баиу йæ уды сыгъдæгдзинадимæ, æмæ, цы уацмыстæ фыста, уыдонæй бирæты райхæлдта хæсты темæ. Ацы темæйыл фыст æмдзæвгæты циклы поэзиуарзджытæ æнæмæнг банкъардзысты уарзонад Фыдыбæстæмæ, уарзон къонамæ, йæ хъайтар кæд фыдæвзарæнты цыд, цардæй мæлæты 'хсæн арæныл хызт, уæддæр йæ ахастдзинад цардмæ у оптимистон, уырны йæ, кæй æрцæуддзæн сæрибары цард".

Поэт иухуызон хорз фыста фыдыбæстæ, æрдз, ирон цардыуаг, уарзондзинад æмæ æндæр темæтыл. Хорз сты сывæллæттæн фыст æмдзæвгæтæ. Бырнацты Барон хорз арæхст прозæйы дæр. Зæрдæмæхъаргæ сты йæ радзырдтæ: "Аминæт", "Доны чызджытæ", "Урс арты амæттаг".

Бырнацты Барон йæхæдæг дæр хъæлдзæг адæймаг кæй уыд, уымæ гæсгæ хорз фыста цардæй ист хъæлдзæг хабæрттæ. Чиныджы "Цæй æмæ та ахудæм", зæгъгæ, уыцы иумæйаг сæргонды бынмæ чиныгкæсæг фæхуддзæн, йæ миниатюрæтæ бакæсгæйæ: "Доны бæсты арахъхъ", "Кусынмæ уын зæронд нæ дæн", "Цæгæр сæр", "Чи кæй кодта?", "Уæд та уæм фылдæр абаддзынæн", "Хинæйдзаг дзуапп" æмæ æндæртæ.

Йæ курдиаты цæхæр фæбæрæг йæ тæлмацтыл дæр. Ирон æвзагмæ раивта Шекспиры сонеттæй, испайнаг æвзагæй тæлмац рубаитæ, Фирдоусийы афоризмты чиныг "Шахнаме"-йæ.

Мæнæ цы хатдзæг скодта чиныджы разныхасы Дзугаты-Мурасты Риммæ Бырнацты Бароны тыххæй: "Барон уаз бавæрæн бахаста ирон дзырдаивады къæбицмæ йæ бирæвæрсыг сфæлдыстадæй. Йæ поэтикон рæнхъытæ никæимæ хæццæ кæнынц, уымæн æмæ йын ис йæхи æрмдзæф, йæхи хъæздыг ныхасы уаг. Рæстаг фæндагыл фæцыд æфсарм, æгъдау æмæ фарнимæ. Йæ алы уацмысы дæр æвдисы йæ сыгъдæг уды æнкъарæнтæ, йæхи над фæндаг. Цард Ирыстоны цин æмæ рисæй, йæ зæрдæйы арф æвæрæнты-иу цы æнкъарæнтæ райгуырд, уыдон сыгъдæг сыфыл нывæста поэтикон рæнхъыты фæрцы, æмæ йын нывæфтыдæй адæмы зæрдæмæ фæндаг ссардтой..."

...Ныфс нæ ис, æмæ йе сфæлдыстад аккаг бынат кæй бацахсдзæн нæ куырыхон фысджыты 'хсæн æмæ йæ уацмыстæ ирон дзырдаивады фæндаг кæй рухс кæндзысты фæлтæрæй-фæлтæрмæ. Уымæн æмæ Бароны банымайæн ис ирон литературæйы классикыл. Уыдоны æрмдзæф та арф фæд уадзы зæрдæты, тулдз бæласы уидæгтау:

**"Нæу ацы æмбисонд,**
**о, бауæнд мыл, мæнг:**
**Цы байтауай,**
**райсдзынæ уымæй тыллæг...**
**Сындз куы уа —**
**йæ садзæг дæхæдæг уыдтæ,**
**Зæлдаг уа — йæ уафæг дæхæдæг уыдтæ..."**

**Æрмæг бацæттæ кодта АБАЙТЫ Эдуард**

Æмбисæндтæ

## Уарзондзинады хъомыс

*Йæхи алчидæр уарзы.*

***

*Уарзт æмæ фыдæх — иу æргъомы баст.*

***

*Уарзондзинад — хорзæхты сæр.*

***

*Уарзондзинад мæлæтæй — тыхджындæр.*

***

*Уарзондзинад сонт у.*

***

*Уарзт æмæ фыдæх — арт æмæ дон.*

***

*Кæй уарзай, уый — бæсты хуыздæр.*

***

*Кæй уарзай, уый — удлæууæн.*

***

*Уарзондзинад — амæндты сæрæвæрæн.*

***

*Сусæг уарзт — сусæг цин æмæ маст.*

***

*Уарзондзинад дзургæйæ нæу.*

***

*Сыгъдæг уарзтæн — сыгъдæг зæрдæ.*

***

*Кæй нæ уарзай, уымæн йæ хæрын — цъæмцъæм, йæ цæуын — сæпп-сæпп.*

***

*Уарзыс, уæд — сыгъдæгзæрдæйæ.*

***

*Уарзондзинад мæгуыр æмæ хъæздыг нæ хаты.*

***

*Уарзынæн афонтæ нæй.*

***

*Фыццаг уарзт хъаймæты бонмæ — зæрдылдаринаг.*

***

*Уарзондзинад комдзог цæуы.*

***

*Дунейы паддзах — уарзондзинад.*

## Дзырдбыд



**ФÆРСЫРДÆМ:**
7. Грамматикон хауæн. 8. Хойы хъæбул. 9. Сæрмæхæссæг. 11. Штат АИШ-ы. 14. "... фарнæй къæдзæх дæр нынnæры" (Къоста). 15. Нымæц. 16. Тæнæг фæйнæг цалдæр цъарæй. 19. Планетæ. 20. Нымæц. 25. Хъæдын мигæнæн. 26. Мæрзæн дзаума. 27. Рæстæджы бæрц. 29. Хæрздæфгæнæн тæнгъæд. 31. Лыстæг урс гипс. 33. Аивадон кусæг. 34. Уæлдæр ахуыргæнæндон.

**БЫНЫРДÆМ:**
1. Чызг-иу бафидауынæй йæ ацæуыны бонмæ йæ ныййарджыты хæдзары цы рæстæг фæбадтис, уый. 2. Бесаты Тазейы роман. 3. Колумбийы сæйраг горæт. 4. Нæ бæстæйы сæйраг горæт. 5. Тæхæг маргъ. 6. Горæт Швецийы. 10. Хуыйæджы æрмæг. 12. Æнкъард, æрхуым. 13. Ирон хæринаг. 17. Италиаг газет. 18. Хуызæн. 21. Хæдзары хай. 22. Куыстгонд царм. 23. Сæгъы, фыркъайы сæры хай. 24. Къуымбилæй конд худ. 27. Хæрыны афон. 28. Сылгоймаджы ном. 30. Хъæдæй конд похци. 32. Санаты Уарийы таурæгъы архайæг.

### Дзуаппытæ 6 августы мыхуыргонд дзырдбыдæн

ФÆРСЫРДÆМ: 4. Шолохов. 7. ...фурды... 8. Дæркъ. 9. Бур. 10. Саг. 11. "Зонын". 13. Базар. 16. Ронг. 17. Намыс. 18. Цорæ. 19. Идæдз. 21. Æрх. 22. Кабул. 24. Омск. 28. Тæскъ. 29. Атто.

БЫНЫРДÆМ: 1. Гогыз. 2. Тотрадз. 3. Фондз. 5. Ардуан. 6. Æрмадз. 12. Нант. 13. Баст. 14. Сопи. 15. Урал. 20. Дымæг. 23. Уæтæр. 25. Стай. 26. Къах. 27. Кæф. 29. Арц.


РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Хонæм уæ!**

*14 августы, хуыцаубоны, Хуссар Ирыстоны, Цхинвалы районы, Дменисы хъæуы уыдзæн Джиголаты мыггаджы куывд.*

*Хуынд цæуынц, æрвадиуæг кæимæ кæнынц, уыцы мыггаг — Джеллытæ, хæрæфырттæ æмæ сиæхстæ.*

*Уæ фарстытимæ бадзурæн ис телефонæй:*
*8-928-934-35-47 (Толик).*



**РЦИ-Аланийы Æфсæддон комиссарад сиды граждæнтæм æфсæддон службæмæ контрактон бындурыл Уæрæсейы Федерацийы Гæрзифтонг тыхтæм.**

**Æвзæрст цæуынц, 18 азæй 50 азы онг кæуыл цæуы, йе 'æнæниздзинад фидар кæмæн у, наркологон æмæ психотерапевтон диспансеры хыгъды чи нæй, тæрхонгонд кæмæн нæ уыд, ахæм адæймæгтæ.**

**Социалон пакет æмæ 200 мин сомæй уæлæмæ.**

**Уæ бон у, цы ран цæрут, уыцы бынаты бацæуын æфсæддон комиссарадмæ кæнæ æфсæддон контрактон службæмæ æвзарæн пунктмæ.**

**Фарстытимæ бадзурæн ис телефонтæй:**
**8-(8672)-25-68-92, 8-(8672)-76-83-75.**

**САНТЕХНИК:**
**устранение засоров любой сложности.**
**ТЕЛ.: 8-918-834-82-74 (Эльбрус).**

**Покос травы и вырубка деревьев любой сложности.**
**ТЕЛ.: 8-909-477-60-99; 8-928-939-80-00.**



Номыры радгæс редактор — **Касаты Батрадз.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;** 2-аг фарсæн — **Халиты Изæ;** 3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
**Корректортæ:** 1-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Гаглойты Наташæ;** 2-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;** 4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

**Сæйраг редакторы хæдивæг БУТАТЫ Эльзæ**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Саутæты Тамилæ — 25-96-31, Тохсырты Къоста — 25-91-92, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.

Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 3474. Заказ № 890. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**